

# Èske Tibebe ou an **Kapab tandem**



Ou ?

Tibebe ou anpase tès  
depistajpou pwoblèm tandem

# Poukisa Tibebe mwen an

## bezwen fè yon Lòt Tès Depistaj?

Tès depistaj ki te itilize swa anrejistrem an otoakoustik (Otoacoustic Emissions, OAE), swa reyakson oditif twon serebral (Auditory Brainstem Responses, ABR), swa toude. (Yon depistaj se yon verifikasiyon rapid pou kapab wè si tibebe ou an tandem.)

Li pa te posib pou jwenn yon bon tès depistaj inisial pou youn (1) oswa toude zòrèy tibebe ou an. Plizyè tibebe bezwen fè yon depistaj ankò. Mouvman tibebe ou an, bri nan pyès oswa prezans likid nan zòrèy aprè akouchman an kapab bay rezulta ki pa bon. Tibebe ou an kapab pa te pèdi odisyon, men nou dwe verifye pou nou kapab rasire.

L ap pi bon pou fè yon novo depistaj pou odisyon poi tibebe ou an ant yon (1) semèn ak yon (1) mwa. Yon manm pèsonèl lopital la pral ede ou chwazi yon dat pou kapab retounen pou w fè sa a Oswa, yo pral di w kijan pou refè egzamen tandem pou tibebe ou an toupre lakay ou.



# Rezulta Tès odisyon

---

NON TIBEBE

---

DAT TÈS DEPISTAJ ODISYON POU TIBEBE KI FENK FÈT

Tibebe ou an pa te pase premye tès depistaj odisyon an:

- Toude zòrèy yo  Zòrèy dwat  Zòrèy gòch

## Vizit pou tès depistaj tibebe ou an

Yo pral refè tès odisyon pou tibebe ou an nan toude zòrèy li.

---

LÈ AK DAT

---

ZÒN

---

NIMEWO POU KONTAKTE

Metòd Depistaj  OAE  ABR

Nòt yo

---

---

---

## Li enpòtan pou respekte vizit pou refè tès la

Tès depistaj la se yon mwayen pou verifye si tibebe ou an tande byen. Li enpòtan anpil pou tande. Tibebe ou an bezwen tande son pou li aprann pale ak dekouvri sa ki antoure li. Tande enpòtan anpil pandan premye mwa yo pou evite difikilte nan langaj oswa travay lekòl alavni. Se poutèt sa a, tout ti bebe ki nan Eta New York yo gen pou fè yon kontwòl zòrèy pou yo.

Si ou rate vizit depistaj ou an, ou dwe rele depi nan lopital, doktè oswa klinik tibebe ou an, ak/oswa pwogram entèvansyon prekòs nan konte ou an.

## Prepare Tibebe ou an

Li pi bon pou tibebe ou an dòmi pandan tès depistaj la.

1. Eseye pa kite tibebe ou an fè yon ti dòmi pandan vizit lan.
2. Bay tibebe w la manje avan tès depistaj la. Sa kapab fè li dòmi.
3. Pote yon dra, kouchèt an plis, rad pou chanje ak lèt an poud siplemantè, si li bwè.

## Kisa ki pral rive aprè vizit mwen an?

Yo pral ba w rezulta yo, menm jan ak doktè yo oswa Klinik tibebe ou an ak lopital kote li fèt la. Majorite tan, tibebe yo pase tès depistaj la. Sepandan, kèk tibebe pral bezwen yon kontwòl odisyon ki pi konplè. Si sa nesesè, moun ki refè tès depistaj lan pral montre w kijan pou fè sa.



# Verifye Odisyon ak Pawòl Pitit ou an

Menm si tibebe ou an “reyisi” depistaj la, li toujou enpòtan pou verifye odisyon tibebe ou an. Lis ki anba a\* pral ede w swiv evolisyon odisyon tibebe ou an pandan l ap devlope. Yon bon odisyon ede ti bebe yo pou fè bagay ki nan lis kontwòl sa a. Si ou gen nenpòt enkyetid konsènan odisyon tibebe ou an, nan nenpòt ki laj, rele doktè tibebe ou an oswa klinik lan.

## LIS VERIFIKASYON POU YON BON ODISYON\*

### Ant dat akouchman an ak 3 mwa

- Li vin pa fè bri lè y ap pale oswa bri k ap fèt chak jou bò kote li ye
- Reyaksyon lè gen gwo bri yo: *tibebe a ap sote, l ap bat je li, li pa vle tete, kriye oswa leve nan dòmi*
- Li fè bri tou piti lè li leve nan dòmi: *tibebe a gazouye*

### Genyen ant 3 ak 6 Mwa

- Li vire je li yo oswa tèt li kote bri an ye a: *vwa yo, jwèt yo ki ap fè bri a, chyen ki ap jape*
- Li kòmanse fè son ki sanble ak pawòl sa yo: “ga”, “ooh”, “ba”, epi son *p, b, m*
- Li reyaji lè ton vwa ou chanje

### Genyen ant 6 ak 9 Mwa

- Reyaji ak son dous yo, sitou pawòl
- Li reponn lè ou site non li epi gade lè yo rele li
- Genyen mo ki senp: “no”, “bye-bye”, “juice”.
- Gazouye: “da da da,” “ma ma ma,” “ba ba ba,”

### Genyen ant 9 ak 12 Mwa

- Reponn yon fason regilye ak son fèb epi fò yo
- Repete mo ki senp epi imite son bêt yo
- Montre jwèt oswa manje prefere li yo lè yo mande li

\*Ki adapte nan lis kontwòl Depatman Sèvis Sante California.

#### gen ant 12 ak 18 mwa

- Itilize 10 oswa plis mo
- Swiv eksplikasyon vèbal ki senp yo: “*al chèche boul la*”
- Lonje dwèt sou moun yo, pati nan kò yo oswa jwèt yo lè yo mande li
- “*Bouje*” sou mizik

#### Genyen ant 18 ak 24 Mwa

- Itilize 20 oswa plis mo
- Melanje de (2) oswa plizyè mo: “*plis ji*”, “*kisa sa ye?*”
- Itilize plizyè kalite son konsòn nan kòmansman mo yo: *b, g, m*
- Tande istwa ak mizik ki senp yo

#### Ki genyen ant 2 ak 3 lane

- Itilize fraz ak de (2) oswa twa (3) mo
- Nan laj de (2) lane, ou konprann pawòl timoun nan tanzantan (25%-50%)
- Nan laj twa (3) lane, ou konprann pawòl timoun nan pi souvan (50%-75%)
- Li swiv eksplikasyon ki gen de (2) etap yo: “*Pran boul la epi mete li nan bwat la*”

**Ou kapab oswa dwe verifye si timoun  
ou an tande nan nenpòt laj.**





## Plis Èd pou Tibebe ou an

Si tibebe ou an pa tandé byen, oswa kapab pa tandé, w ap gen bezwen plis èd. Tibebe ki fenk fèt, jèn timoun ki gen bezwen espesyal yo, epi fanni yo kapab benefisyé èd pwogram entèvansyon prekòs (Early Intervention Program, EIP) ministè sante ki nan Eta New York. EIP ofri yon depistaj ak tès pou tandé, ak sipò pou ou menm, tibebe ou an, ak fanmi ou. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele doktè ou an, klinik ou an oswa EIP ki nan konte oswa awondisman ou an.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou tès odisyon pou tibebe ki fenk fèt oswa EIP a, rele nan: **(518) 473-7016**

Oswa, al gade nan sitwèb pwogram entevansyon prekòs nan:  
**[www.health.ny.gov/community/infants\\_children/early\\_intervention/](http://www.health.ny.gov/community/infants_children/early_intervention/)**

Pou jwenn EIP ki nan zòn ou an, rele nan:  
**Liy Dirèk Growing Up Healthy**  
**24 èdtan pa jou**  
**1-800-522-5006**  
**TTY: 1-800-655-1789**  
Nan Vil New York: **311**

# Èske

## Tibebe ou an

Kapab tandem

Ou



Si tibebe ou an fèt nan yon lopital ki nan Eta New York, ou pa gen pou bay tèt ou pwoblèm. Yo fè yon kontwòl zòrèy pou tout ti bebe ki fèt nan New York.

Swiv nou sou:

[health.ny.gov](http://health.ny.gov)

[facebook.com/NYSDOH](http://facebook.com/NYSDOH)

[twitter.com/HealthNYGov](http://twitter.com/HealthNYGov)

[youtube.com/NYSDOH](http://youtube.com/NYSDOH)

